



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEKLARE JANVYE KÒM MWA  
SANSIBILIZASYON KONT ASÈLMAN EPI 18 JANVYE KÒM JOUNEN AKSYON  
POU SANSIBILIZAYON KONT ASÈLMAN**

*Li mande pou limen moniman istorik eta yo an jòn demen 18 janvye a pou onore  
viktim ak sivivan yo*

*Pwoklamasyon an vini apre Gouvènè Hochul siyen lejislasyon pou ranfòse  
pwoteksyon kont asèlman pou viktim ak sivivan vyolans domestik yo*

*Kanpay sansibilizasyon sou rezo sosye pandan tout mwa a ap konsantre sou  
teknoloji ki fasilite asèlman ak sibèasèlman*

*Li pwoklamasyon an sou [Sit Gouvènè a](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te rekonèt jodi a, janvye kòm Mwa Sansibilizasyon kont Asèlman Kriminèl epi 18 janvye kòm Jounen Aksyon pou Sansibilizasyon kont Asèlman Kriminèl nan Eta Nouyòk, li pibliye yon pwoklamasyon epi li mande pou tout moniman istorik nan eta a limen an jòn demen, 18 janvye a, pou onore moun ki afekte pa asèlman kriminèl ak tout fòm vyolans ki baze sou sèks.

Mwa ki pase a, Gouvènè Hochul te ratifye A09616/S09174 an lwa. Nouvo lwa a ofri pwoteksyon siplemantè pou viktim ak sivivan vyolans domestik yo lè li prevwa anilasyon aksè nan teknoloji lokalizasyon veyikil yon agresè. Gouvènè Hochul mete aksè sou angajman kontini li pou sipòte sivivan vyolans domestik yo epi ranfòse sekirite piblik la.

“Nan ane 1970 yo, konvèsasyon sou vyolans domestik yo te ra. Enspire de defans manman mwen, mwen devwe pou adopte lwa ki pwoteje sila yo ki afekte pa vyolans,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Soti nan nouvo lwa ki pwoteje viktim vyolans domestik yo rive nan fason pou fè limyè sou danje teknoloji ki fasilite asèlman, n ap pran mezi pou fè Nouyòk vin yon kote ki pi sekirize pou chak moun. Pandan n ap limen moniman istorik yo an jòn demen, ann sonje ke chak limyè reprezante fòs yon sivivan, epi ansanm, n ap avanse pi pre yon avni kote vyolans pa gen plas nan kominote nou yo.”

Pou rekonèt Mwa Sansibilizasyon kont Asèlman Kriminèl la, Biwo Eta Nouyòk pou Prevansyon Vyolans Domestik la (Office for the Prevention of Domestic Violence,

OPDV) ap òganize yon Kanpay Sansibilizasyon sou Rezo Sosyo nan kad Mwa Sansibilizasyon kont Asèlman Kriminèl atravè platfòm rezo sosyo ajans lan. Konsantrasyon ane sa se sou teknoloji ak sibèasèlman. Sa ka enkli, men sa pa limite a, itilizasyon aparèy lokalizasyon, pataj lokalizasyon, kontwòl ak asèlman sou rezo sosyo. Vizite paj [Facebook](#), [X \(ki te rele Twitter anvan\)](#), [Instagram](#), ak [LinkedIn](#) OPDV a pou plis enfòmasyon sou asèlman kriminèl ak ki kote pou jwenn resous.

Anons jodi a make yon lòt etap enpòtan nan ajennnda sekirite piblik ki pi laj li, pliske Gouvènè Hochul [te siyen lejislasyon pou ogmante pwoteksyon pou viktim vyolans domestik](#) ane pase, alafwa nan tribinal penal ak familyal. Lwa a ogmante kapasite pou jwenn manda pwoteksyon epi depoze petisyon pou vyolans familyal pou tout manm fanmi ak fwaye yo, ki rekonèt ke vyolans domestik pa sèlman afekte moun ki nan oswa ki te nan yon relasyon entim ak agresè a. Aksyon jodi a, ki siyen nan Jounen Entènasyonal pou Eliminasyon Vyolans kont Fanm yo, ranfòse efò pou kenbe tout Nouyòkè an sekirite kont vyolans domestik. Nonmen Lwa Melanie an nan memwa Melanie Chianese, ke ansyen menaj manman l te touye trajikman, lwa a vize pwoteje sila yo ki pwòch viktim yo, akòz agresè yo souvan sible pwòch yo pou kenbe kontwòl.

**Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan Kelli Owens te deklare**, "Teknoloji te pote avèk li anpil nouvo fason pou moun k ap fè mal yo egzèse pouvwa ak kontwòl sou viktim yo. Li te pote anpil fòm vyolans ki baze sou sèks, ki enkli asèlman, nan yon mond vityèl k ap evolye rapidman epi poze menas grav pou sante ak byennèt sivivan tout kote. OPDV angaje pou konsyantize epi l ap travay ak founisè atravè eta a pou ede sèvi sivivan yo pi byen nan yon fason ki santre sou sivivan, ki konsidere twomatis la, epi ki responsab sou plan kiltirèl pandan y ap analize menas dijital sa yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w rekonèt enpòtans mwa sa a epi paske w kanpe ak sivivan New York yo."

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la (Division of Criminal Justice Services, DCJS), Rossana Rosado, te deklare**, "Nou konnen ke asèlman se yon faktè enpòtan ki ogmante risk omisid nan ka vyolans domestik yo. DCJS ap travay di pou asire ke fòs lòd ak lòt pati ki konsène yo okouran de faktè tankou asèlman ke yo itilize nan evalyasyon risk letalite yo, ki ka ede bay repons pou anpeche trajedi sa yo. Li enpòtan anpil tou ke nou abòde fason yo souvan itilize teknoloji pou lokalize viktim vyolans domestik yo epi fasilite asèlman. Nou remèsye Gouvènè Hochul, OPDV, ak patnè fòs lòd nou yo dèske yo rekonèt epi reponn a risk sa yo."

**Direktè Egzekitif Biwo Sèvis Viktim (Office of Victim Services, OVS) yo, Bea Hanson, te deklare**, "Nou fyè pou fè patenarya ak OPDV ak lòt pati ki konsène nan gouvènman ak prive yo pou sansibilize sou asèlman -- yon krim grav ki prive viktim ak sivivan yo de sans sekirite ak byennèt. Anplwaye nou yo nan OVS travay di pou asire ke yo sipòte viktim krim yo, ki enkli asèlman yo, epi yo gen resous yo bezwen pou regaye sans sekirite ak gerizon. Nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul sou pwoblèm sa, e nou ankouraje viktim ak sivivan yo kontakte founisè OBS finansè yo pou jwenn èd yo merite epi pou pwofite de resous ak konsèy OPDV yo pou anpeche agresè yo eksplwate teknoloji pou fè mal."

**Senatè Eta, Andrew Gounardes, te deklare,** "Teknoloji te transfòme lavi nou, epi lwa nou yo pou pwoteje sivivan asèlman ak abi yo dwe evolye ak epòk sibèasèlman an, pòno vanjans, ak divilgasyon done pèsònèl (doxing) ak imaj/vidèyo atifisyèl. Sivivan yo bezwen epi yo merite kote yo ka santi yo an sekirite epi sekirize. Dènye bagay yo ta dwe ap enkyete de yo se ide tèrib ke menm machin yo ta ka tounen yon zouti pou agresè yo trake epi asele yo. Pwojè lwa mwen an franchi yon etap senp, ki sanse pou asire ke agresè yo pa itilize teknoloji pou fè moun mal. Mwen rekonesan a Gouvènè a dèske li ratifye pwopozisyon enpòtan sa an lwa, ak pou angajman li pou sipòte sivivan yo".

**Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare,** "Antanke yon defansè alontèm pou sivivan vyolans domestik yo, mwen te kontan ke Gouvènè Hochul ratifye lejislasyon mwen an lwa mwa pase a pou kenbe sivivan yo an sekirite kont lokalizasyon aparèy yo ki souvan enstale nan machin yo. Pandan Mwa Sansibilizasyon Kont Asèlman Kriminèl la espesyalman, yo raple nou ke agresè yo souvan yon pa annavan lwa nou yo, ki rann li pi enpòtan ke jamè pou nou evolye ak tandans ak enèji k ap emèje yo. Sivivan agresè yo dwe deja fè gwo efò pou pwoteje sekirite yo epi dapre nouvo lwa mwen an, yo p ap bezwen mande fabrikan machin yo pou dezaktive fonksyon k ap mete yo an danje."

**Senatè Michelle Hinchey te deklare,** "Asèlman se yon krim ki gen enpak ki dire sou viktim yo, ki souvan chanje lavi kotidyen an yon sous laperèz konstan ak ensekirite. Lè nou rekonèt janvyè kòm Mwa Sansibilizasyon kont Asèlman an voye yon mesaj solid sou solidarite a sivivan vyolans domestik atravè New York pandan l ap rann li klè ke nou p ap tolere kalite vyolans sa. Mwen fyè pou patwone Lwa Melanie a epi sipòte mezi tankou lwa Senatè Gournades ki fèk ratifye a, ki ogmante pwoteksyon kont asèlman teknoloji fasilite, yon etap enpòtan nan abòde fòm abi sa. N ap kontinye defann sekirite ak diyite sivivan DV yo ak fanmi yo, e mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li nan travay sa."

**Manm Asanble Brian Cunningham te deklare,** "Pandan ane ki pase a, Gouvènè Hochul, nan patenarya ak lejislati eta a, te kontinye priyorize byennèt fizik ak emosyonèl, ansanm ak dwa legal ak dwa zimen, sivivan vyolans domestik yo. Pwogrè nou fè antanke yon vil, eta, ak nasyon evidan lè Gouvènè a deziyen janvyè kòm Mwa Sansibilizasyon kont Asèlman. Deklarasyon an pa sèlman mete aksan sou eksperyans pwofon sila yo ki afekte pa asèlman ak vyolans ki baze sou sèks yo, men sansibilize tou ak solisyon inovan pou anpeche agresè alavni yo pou yo pa fè mal."

Biwo Prevansyon Vyolans Domestik Eta Nouyòk la se sèl ajans egzekitif nan nivo ministeryèl peyi a ki dedye pou pwoblèm vyolans ki baze sou sèks. Liy Asistans pou Vyolans Domestik ak Seksyèl disponib 24/7: 800-942-6906 (apèl), 844-997-2121 (tèks) oswa @opdv.ny.gov (tchat).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)